

FL-1083-2019-4

Avi Piblik

Nou bay avi sa a pou fè konnen Konte Lee pral aplike pou yon sibvansyon Pwogram USC Seksyon 5339 ak Fòmil Fasilite Otobis ak Administrasyon Transpò - Otobis ak Fasilite Otobis - Administrasyon Transpò Federal (Federal Transit Administration) la ki pral bay lajan pou èd nan pwojè kapital pou Depatman Transpò Konte Lee, LeeTran.

Nenpòt moun ki enterese gendwa mande yon odyans piblik nan men Komite Manm Komisyon Konte Lee a konsènan Pwogram Pwojè pou aplikasyon sibvansyon Pwogram Fòmil Zòn Ibèn sa a. Pou mande yon odyans piblik, tanpri soumèt yon demann alekri nan dis (10) jou apre avi sa a nan adrès sa a : Lee County Transit 3401 Metro Parkway Fort Myers, Florida 33901.

Nenpòt moun ki enterese ka jwenn yon kopi aplikasyon pou sibvansyon sa a nan Lee Country Transit 3401 Metro Parkway, Fort Myers, Florida 33901 ant 8è dimaten ak 5è delaprèmidi, lendi jiska vandredi.

Deskripsyon Pwojè a: Yo estime pri pwojè pou sibvansyon Pwogram USC Seksyon 5339 ak Fòmil Fasilite Otobis ak Administrasyon Transpò pou li \$673,013 pou pati federal pou pataje nan distribisyon ane fiskal 2019 ki disponib anba lwa Ranje Transpò Sifas Lamerik (Fixing America's Surface Transportation, FAST) la. Y ap mete menm kantite fon pwogram sa a ak kredi Devlopman Transpò nan Depatman Transpò Florida a.

Pwojè ki pwopoze yo gen ladan finansman pou machin Transpò Adapte ADA.

Si pa gen okenn chanjman nan pwojè yo ki endike anwo a, yo pral konsidere dokiman sa a kòm avi final Pwogram Pwojè yo. Nou ka voye tout keksyon bay Analis Sibvansyon LeeTran lan nan (239) 533-0326 oswa pa imèl nan clove@leegov.com oswa nan www.rideleetrans.com

LeeTran konfòme li avèk egzijans pwogram Administrasyon Transpò Federal ki apwopriye yo epi li garanti sèvis transpò yo disponib pou tout moun epi yo distribye yo egalego san gade sou ras, koulè, oswa orijin nasyonal, andikap, sèks oswa laj. W ap ka gade Tit VI konplè LeeTran lan nan www.rideleetrans.com.

Laprès Fort Myers
Dat Piblikasyon: